



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE  
NOUVO EKIP KOWÒDINASYON SANTRAL REZO LOPITAL YO**

***Ekip Kowòdinasyon Santral la pral ede aplike plan lopital piblik-prive nan tout  
Eta a pou pataje enfòmasyon, founiti, pèsònèl ak pasyan nan lopital yo nan Eta a***

***Nouvo pòtay sou entènèt la pral lanse jodi a pou konekte lopital yo ak  
pwofesyonèl swen sante volontè yo epi ede priyore deplwaman pou lopital ki  
gen pi gwo bezwen yo***

***Konfime 9,298 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout  
Eta a nan 75,795; nouvo ka nan 44 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo Ekip Kowòdinasyon Santral rezo lopital yo ki pral ede fasilite yon apwòch ki pi estratejik ak kowòdone nan sistèm swen sante eta a pou konbat pandemi COVID-19 la.

Ekip kowòdinasyon an pral ede aplike plan lopital piblik-prive nan tout Eta a, ke Gouvènè a [te anonse](#) yè, pou pataje enfòmasyon, founiti, pèsònèl ak pasyan yo nan lopital yo nan Eta a. Ekip la pral responsab pou òganize efektif pèsònèl sòti nan rejyon nò rive nan sid Eta a; ede Elmhurst Hospital ak lòt lopital ki sou presyon yo; etabli limit pou pasyan pou lopital yo; òganize transfè pasyan yo nan lòt lopital ak USNS Comfort; kowòdone estòk Eta-Vil la ak estòk endividyèl lopital yo; epi fasilite rekritman.

Se Depatman Sante Eta a ki pral dirije ekip la epi gen ladan sistèm swen sante Westchester, Vil New York ak Long Island, Asosyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association) ak Asosyasyon Swen Sante Eta New York la (Healthcare Association of New York State). Ekip la pral travay tou avèk FEMA ak gouvènman federal la.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Eta a ap lanse yon pòtay sou entènèt ki pral ede konekte lopital yo ak sant swen sante yo nan tout eta a avèk apeprè 80,000 pwofesyonèl swen sante ki volontè pou travay sou yon baz tanporè pandan pandemi COVID-19 la. Pòtay la pral priyore deplwaman pwofesyonèl yo nan lopital ki gen pi gwo bezwen yo; volontè yo ta dwe deplwaye depi nan jedi sa a.

"Pandan n ap kontinye konbat pandemi COVID-19 ki ankou a, nou gen de misyon - prepare sistèm lopital nou an pou li pa depase lè koub la rive nan somè li epi asire moun yo rete lakay pou yo pa premye moun ki trape viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap swiv pwojeksyon matematik ekspè yo epi ap prepare pou batay

prensipal la nan somè a lè nou chèche otan ekipman nou kapab, ogmante kapasite lopital nou an ak sipòte pèsònèl lopital yo. Nou te rankontre avèk tout sistèm lopital eta a pou premye fwa epi te etabli yon nouvo apwòch san parèy pou travay nan tèt ansanm tankou yon sèl sistèm swen sante nan tout eta a pou pote vikwa sou viris sa a. Viris sa a pa fè diskriminasyon — okenn moun pa iminize kont li — epi moun yo dwe kontinye pran prekosyon, panse ak lòt yo epi pa kite lakay yo sof si sa nesèsè toutbon."

Finalman, Gouvènè a te konfime 9,298 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 75,795 ka konfime nan Eta New York. Nan total 75,795 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	226	9
Allegany	7	0
Broome	38	3
Cattaraugus	6	0
Cayuga	3	0
Chautauqua	6	1
Chemung	20	5
Chenango	19	2
Clinton	21	4
Columbia	30	4
Cortland	8	0
Delaware	16	5
Dutchess	484	92
Erie	438	62
Essex	4	0
Franklin	9	3
Fulton	1	0
Genesee	10	1
Greene	16	6
Hamilton	2	0
Herkimer	12	0
Jefferson	12	1
Lewis	2	0
Livingston	13	1
Madison	41	7
Monroe	292	50
Montgomery	7	1

Nassau	8,544	1,200
Niagara	42	1
NYC	43,139	5,686
Oneida	40	6
Onondaga	194	14
Ontario	22	2
Orange	1,556	121
Orleans	6	2
Oswego	15	1
Otsego	18	1
Putnam	186	19
Rensselaer	41	1
Rockland	2,863	352
Saratoga	108	3
Schenectady	85	5
Schoharie	6	0
Schuyler	2	0
Seneca	2	2
St. Lawrence	30	17
Steuben	24	5
Suffolk	6,713	922
Sullivan	109	8
Tioga	7	3
Tompkins	66	0
Ulster	211	21
Warren	18	0
Washington	10	3
Wayne	19	4
Westchester	9,967	641
Wyoming	9	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)